


# "YUSIP-ZLIYXA" DÁSTANÍNÍŃ SYUJETLIK ÓZGESHELIKLERI HÁM MOTIVLERI

**Jumaǵalieva Sandigul Kallibek qızı**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.20020381

**ARTICLE INFO**
Qabul qilindi: 26-aprel 2026 yil
Ma'qullandi: 28- aprel 2026 yil
Nashr qilindi: 30- aprel 2026 yil
**KEY WORDS**
*folklor, epos, versiya, syujet, konflikt, motiv.*

**ABSTRACT**
*Biz bul maqalamızda qaraqalpaq folklorında ayrıqsha orın tutatuǵın "Yusip-Zliyxa" dástanındaǵı syujetlik ózgesheliklerdi hám dástanda ushırasatuǵın motivlerdi basqa xalıqlardaǵı versiyaları menen salıstırıp úyreniw nátiyjesinde milliy kórkem oy-pikirdiń qáliplesiwi hám rawajlanıw nızamlıqların ashıp beriwge xızmet etetuǵının anazlizlewge háreket ettik.*

Qanday shıǵarma bolsa da, qaharman obrazın jaratıw ushın syujetten paydalanadı. Syujettiń rawajlanıwı arqalı personajlardıń is-háreketleri kórinedi. Olardıń kelbeti, xarakteri ashıladı.

Ádebiyattanıwda syujet degen termindi XVII ásirde jasaǵan klasicizm aǵımınıń wákilleri Karmel, Buano qollanǵanlıǵı haqqında maǵlıwmatlar bar. Olar bul túsinikti áyyemgi greklerdiń ańızlarına aylanǵan qaharmanları tuwralı sóz etkende qollanılǵan, Aristotelden ózlestirgen. "Syujet – fransuz tilinen alınıp, "zat" degen maǵananı ańlatadı. Syujet-bul kórkem shıǵarmada súwretlenetuǵın waqıyalardıń, hádiyselerdiń, sonday-aq personajlardıń is-hárekeleriniń belgili bir tártipke túsken dizimi yamasa jıynaǵı"[1]. Geyde bul termin epikalıq shıǵarmalardı analizlegende de paydalanıladı. Kútá erte dáwirlerde Rim jazıwshıları syujet degen sózdi emes, onıń ornına "fabula" degen termindi qollanılǵan. "Fabula – "aytıp beriw, bayanlaw" degen mánini ańlatadı. XX ásir Keńes mámleketleri dáwiri ádebiyatında syujet hám fabula terminlerine sinonim dep qaraldı, yaǵnıy, shıǵarmadaǵı barlıq waqıyalardıń barısı – syujet, al, shıǵarmadaǵı konflikt – fabula dep ataladı"[2].

Demek, fabula degenimiz belgili bir waqıya. Sebebi, gez kelgen waqıyada fabula bar. Solay bolsa da, gez kelgen waqıya kórkem shıǵarma bolalmaydı. Al syujet bolsa, tek kórkem shıǵarmalarda boladı. Solay eken syujet hám fabulanıń atqaratuǵın ornı bólek.

Epikanıń ertedegi rawajlanıw basqıshlarında syujettegi epizodlar waqıtlıq, xronologiyalıq priciplerge tiykarlanıp qurıldı. Soń Evropa ádebiyatında jalǵız bir konfliktke tiykarlanıp, orayǵa biriktirilgen (konsentrik) syujet payda boladı. Orayǵa biriktirilgen syujette epika yamasa dramadaǵı konflikt tiykarǵı birew boladı hám waqıyalardıń baslanıwı, túyin, kulminaciya, sheshim sol bir konflikt átirapına qurıladı. Ómirdegi shınlıqtıń ádebiy shıǵarmaǵa

[1]Járimbetov Q. Ádebiyattanıwdan sabaqlar. Nókis, "Qaraqalpaqstan", 2012. 23-bet.
[2]Мамбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис, «Билим», 1995. 94-бет.

aylanıwı, ádebiyat mazmunınıń mazmunlı formaǵa kóshiwi, temanıń ideyalıq kórkemlik sheshim tabıwı procesinde syujet penen kompoziciyanıń atqaratuǵın róli ayrıqsha. Syujet kórkem shıǵarma mazmunın shólkemlestirip, shıǵarma qaharmanınıń xarakteriniń rawajlanıw tarıyxın kórsetetuǵın waqıyalar sisteması.

Ádebiyattanıw iliminde syujet máselesi keńnen izertlenildi. Biraq hár bir epikalıq, sonıń ishinde dástanlıq shıǵarmalardaǵı syujetlik ózgeshelikler arnawlı túrde izertleniwdi talap etpekte. Sonlıqtan, biz bul jumısımızda "Yusip-Zliyxa" dástanındaǵı syujetlik ózgesheliklerdi anıqlawǵa háreket etemiz.

Kórkem shıǵarmalarda syujetti rawajlandırıwda konflikt áhmiyetli orın tutadı. Konflikt kórkem shıǵarmalardaǵı personajlardıń qarama-qarsılıǵın yamasa personajlar toparı arasındaǵı qarama-qarsılıqtı, sonday-aq, personaj benen sırtqı ortalıq arasındaǵı qarama-qarsılıqtı ańlatadı. Hárqanday syujet konflikt bolmasa rawajlanbaydı. Sonlıqtan, syujettiń negizi, júregi konflikt. Shıǵarmada konflikttiń rawajlanıwı barısında qaharmanlardıń is-háreketleri, oy-sezimleri, sózleri arqalı olardıń xarakteri ashılıp baradı.

Konflikt – eń joqarǵı keskinlesiw basqıshı kulminaciyanı payda etedi. Konflikt kórkem shıǵarmada qatnasıwshı tulǵalar arasındaǵı betpe-bet gúres, yamasa personajdıń óz átirapın qorshaǵan ortalıqta óz-ózi menen bolǵan ruwxıy tartısı arqalı júzege shıǵıwı múmkin. Epikalıq prozada konflikt kóbinese qıyınshılıǵı basım waqıyalardıń shiyelenisiw kórinisinde boladı.

Biz izertlew obyektine alǵan "Yusip-Zliyxa" dástanı syujetinde de hár bir bolim, yaǵnıy waqıyanıń baslanıwınan baslap, juwmaqlanıwına shekemgi konfliktler júdá kópshilikti quraydı. Máselen, Yusiptiń sulıwlıǵı, ákesiniń onı jaqsı kóriwi aǵalarına unamaydı hám Yúsiptiń tús kóriwi menen aǵaları arasındaǵı konflikt payda bolıp, onı aljastırıp sahraǵa aparıp qudıqqa taslawı, dástan aqırına shekem usı konflikttiń hárqıylı waqıyalar, jaǵdaylar menen dawam etiwi, onnan soń Zliyxa menen Yusip arasındaǵı konfliktler usı sıyaqlılardı mısal ete alamız.

Epikalıq shıǵarmalardaǵı syujetti bayan etiwde biz motivlerdi shetlep óte almaymız. "Motiv – (francuzsha, "nama, ırǵaq" degen mánisti bildiredi) kórkem shıǵarmanıń syujetiniń bir bólekshesi. Motiv termini kóbinese xalıq awızeki dóretiwshiligin úyrengende, ásirese dástan, ertek usaǵan janrlarda qollanıladı"[3]. Folklordaǵı motiv hám onıń ózgeshelikleri, túrleri hám áhmiyeti haqqında qunlı ilimiy izertlewler barshılıq[4].

Adamnıń tús kóriwi menen baylanıslı hár qıylı syujetlik waqıyalar, motivler menen detallar erte dáwirlerden baslap-aq jazba estelikler menen folklorlıq miyraslarda tiykarǵı orın tutadı. Ásirese, xalıq awızeki dóretpeleriniń ishinde ertekler menen dástanlardıń mazmunında tús kóriw motivi menen baylanıslı syujetler keń orın alǵanlıǵın kóremiz. Adam psixikası hám ruwxıyatı menen baylanıslı bolǵan tús kóriw jaǵdayı, tústiń adamnıń ruwxıy sanasında sáwleleniwi hám onıń ońında júzege asıwı jáhán folkloristika iliminde kóplegen alımlardı qızıqtırıp kelgenlikten bir qansha ilimiy izertlewler alıp barǵanlıǵı belgili. Mısalı, Ózbek ilimpazı J.Eshonqulovtıń "Ózbek folklorında tús hám onıń kórkem analizi"[5] monografiyasında ilimpaz tús motivin ózbek xalıq awızeki dóretiwshiligi mısalında analizleydi.

---

[3] Ахметов С. Есенов Ж. Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994. 139-бет.

[4] Мелитинский Е.М. Поэтика мифа. Москва, 2000 г.; Силантьев И.В. Поэтика мотива. Москва, «Языки славянской культуры», 2004.

[5] Эшонқул Ж. Ўзбек фолклорида туш ва унинг бадиий талқини. – Тошкент, «ФАН», 2011. – Б.302.

"Tús motivine tán tiykarǵı ózgesheliklerden biri onıń kóbinshe basqa motivlerdi ózi menen birge jeteklep keliwi"[6], – dep belgilep bergen edi. Bunnan soń tús jorıw motivi bar. Sebebi, tústi hámme de jorıy almaǵan. Qaraqalpaq folklorındaǵı "Yusip-Zliyxa" dástanında tús kóriw motivi jiyi beriledi hám túrli kóriniste sáwlelenedi. Biz dástandı oqıp, úyrenip shıqqanımızda jeti jerde yaǵnıy, Yusiptiń tús kóriwi, ákesi Yaqıptıń, Yusiptiń qız apasınıń tús kóriwi, sawdager Málik ibn Zigardıń túsinde Yusipti kóriwi, Zliyxanıń tús kórip, Yusipke ǵaybana ashıq bolıwı, Mısır patshasınıń wáziri Saqanıń tús kóriwi hám Mısır patshası Málik Rayannıń tús kóriwi sıyaqlı motivlerdi hám bul túslerdiń barlıǵı aldında bolatuǵın waqıyalardıń bayanlanıwı arqalı súwretlengenin kóriwimizge boladı. Eń áhmiyetli elementlerdiń biri, Yusip Mısırda zindanda jatqan waqıtında pir babası tárepinen tús jorıw qábiletin Yusipke inám etiwi hám nátiyjede patshanıń túsin durıs jorıp, xalıqtı ashlıqtan qutqarıwı hám patsha bolıwı sıyaqlı tiykarǵa waqıyalarǵa derek bolıp xızmet etkenliginde esaplanadı. Usı waqıyalar tús motiviniń beriliwi nátiyjesinde dástannıń syujetlik kompoziciyasınan orın alıp, kórkemlik penen bayanlanadı. Eger dástannıń mazmunınan joqarıdaǵıday tús motivleri alıp taslansa, bayanlanıw mazmunı, qurılısı óz áhmiyetin joytqan bolar edi.

Biz birinshi bólimde salıstırmalı túrde ózbekshe versiyadaǵı «Túrkiy Yusip-Zliyxa» qıssası haqqında sóz etken edik. Bundaǵı qudıq penen baylanıslı bul tús motiviniń ózine tánligin kórsetetuǵın jáne bir tárepi, onda qaharmannıń qudıqqa taslanıw sebebi ógey aǵalardıń qızǵanshaqlıǵı sebepli emes, al Shish payǵambar zamanında jasaǵan bir Zahidke Yusiptiń diydarı wáde etilgenligi menen baylanıstırıp súwretleniwi bolıp tabıladı. Bul jerde ertek-novellalarǵa tán gúrriń ishinde gúrriń usılı qollanılǵan bolıp, Yusip haqqındaǵı tiykarǵı waqıyalardıń bayanlanıwı dawamında shıǵarmanıń kompoziciyalıq qurılısı kirgizbe-syujetler menen bayıtılǵan. Bul qaraqalpaqsha versiyadaǵı "Yusip-Zliyxa" dástanındaǵı sawdager Málik ibn Zigar obrazı esaplanadı, yaǵnıy, Yusip arqalı ketpes dáwlet keledi, dizesinde otırǵan bala – Yusipti tabıw ushın ol bir neshe ret Qanan eline sawda islew ushın kárwan ertip baradı. Syujet evolyuciyası procesin ózinde sáwlelendirgen mine usınday qospa syujet elementleri ózbekshe jazılǵan dástanda Shish payǵambar dáwirinde jasaǵan zahidlerden biri bir kúni kitapta Yusiptiń táriypin kórip, aqıl-huwshın joǵaltıp, Yusipti kórsem ármanım joq edi, dep Allaǵa jalbarınadı. Sonda Alla bul Zahidtiń duwasın qabıl etip, bılay deydi: «Ey Zahid, Shaddat qazǵan qudıqqa bar, ibadat qıl, sonda mıń eki júz jıldan keyin Yusip jamalın kórerseń! Zahid bul shaqırıwdı esitken soń, Shaddatan qalǵan eski qudıq túbine túsip, sol jerde jasay baslaydı. Qudaydıń qúdireti menen qudıq janınan zahidtiń ırısqı sıpatında ánar aǵashın kógerttiredi. Zahid bir kúni Yusipti kórip sálem beredi. Yusip álik alıp Zahidten kim ekenin, bunday ızǵar jerde ne islep atırǵanın soraydı. Zahid Yusipten onı kim qudıqqa taslaǵanın soraydı. Yusip aǵalarım tasladı, dep juwap beredi. Sonda Zahid Yusipke: «Ey Yusip, bul isti aǵalarıńnan kórme, men Qudaydan seniń múbárek jamalıńdı kóriwdi tiledim. Hesh kimnen gina etpe. Seni kórdim, kewlimde zárre ármanım qalmadı,» – dep jan tapsıradı. [7].

Bizge belgili, epikalıq qaharmanlardıń belgili sebeplerge baylanıslı shuqırǵa taslanıwı yamasa qudıqqa túsiwi dúnya xalıqları folklorınıń ortaq táreplerinen biri bolıp esaplanadı. Sonıń ishinde, qaraqalpaq xalıq dástanları hám ertekleri syujetinde de qaharmannıń shuqırǵa

---

[6] Эшонқул Ж. Ўзбек фолклорида туш ва унинг бадиий талқини. – Тошкент, «ФАН», 2011. – Б.153.

[7] Туркий Юсуф- Зулайҳо (нашрга тайёрловчи Олим Равшан) - Тошкент: Абу Али ибн Сино нашриёти. 1995.- Б.15-22.

taslanıw motivi ayrıqsha orın iyeleydi. Mısalı biz úyrenip atırǵan “Yusip-Zliyxa” dástanında aǵaları tárepinen Yúsiptiń qudıqqa taslap ketiliwi hám ol jerde bir neshe jıllar dawamında sadager Malik ibn Zigar alıp shıǵaman degenshe jatıwı yamasa Yusip Mısırda Zliyxanıń aytqanına kónbegenligi ushın qarańǵi zindanǵa taslanıwı hám ol jerde de 20 jıldan zıyat jatıwı, ol jerlerde pir babasınıń járdem beriwi sıyaqlı miflik kózqaraslardı ózinde sáwlelendirgen.

“Yusip-Zliyxa” dástanında súwretleniwinshe, aǵaları Yusipti óltirmekshi bolǵanında tosattan payda bolǵan qustıń sózin esitken aǵaları Yusipti tóbelik ústine alıp shıǵıwı hám tóbeliktiń de eger Yusipti óltirseńiz hámmeńizdi jutaman dewi bunday motivlerde de orta álem, yaǵnıy qaharman jasaytuǵın Jer júzi dúnyasınıń súwretin kóremiz.

Áyyemgi kosmogoniyalıq mifologiya ólshemleri tiykarında qatnas jasaytuǵın bolsaq, epikalıq qaharman háreketiniń qurılısındaǵı úshinshi baǵdar Yusipti «ózge álem»niń vertikal modeline muwapıq qarańǵılıq, túneklik hám óliler dúnyası sıpatında kóz aldımızǵa keltirilgen Jer astı álemine túsirgenligi ayqın boladı. Yusip taslanǵan qudıq detalı jer astı dúnyasınıń belgi-mifologiyalıq talqılawı ekenligin dálilleytuǵın bir neshe dáliller bar. Birinshiden, mifologiya hám folklorda úńgir, shuqır, jarlıq, suw hám qudıq jer astı álemine alıp baratuǵın jol sıpatında kóz aldına keltiriledi. Qaharmannıń qudıqqa túsiw motiviniń mifopoetikalıq tábiyatın aydınlastırıwda onı folklor shıǵarmaları «ózge álemge» alıp baratuǵın jol túrinde talqılanatuǵın jáne bir áhmiyetli element - úńgir detalı menen salıstırıw áhmiyetli esaplanadı. Sebebi, «áyyemgi mifologiyada úńgir basqa dúnyaǵa ótiw jolı sıpatında talqılanǵan»[8]. Qudıq hám úńgirdi jaqtılıq-qarańǵılıq, nurlılıq-qarańǵılıq, jer beti jer astı, bul dúnya (yaǵnıy qaharman jasaytuǵın álem) ózge dúnya parametrleri boyınsha salıstırsa, epikalıq tekstte qaharman sayaxatınıń keńisliktegi baǵdarın bildiriwshi bul eki detaldıń xızmeti birdey ekenligi belgili boladı. Solay etip, qarańǵılıq, yaǵnıy jaqtılıqtan ayırılıw, qarańǵılıq bolsa aspan mifologiyasında jaqtılıq hám jaqsılıqqa qarsı turıwshı jawız kúshler mákanı esaplanǵan «basqa dúnya»nıń kórinisi bolıp tabıladı.

Yusip túsken qudıqtıń jer astında jaylasqan «basqa álemge» ótiw jolı sıpatında talqılanıwına jáne bir dálil bul qudıqtıń ishinde jılan, shayan sıyaqlı xaotikalıq janlı maqluqlar ózine mákan etken. Qaharman túsken qudıq jer astı, yaǵnıy adamǵa jamanlıq etiwshi jawız kúshler mákanı esaplanǵan «tómengi álem»ge tiyisli ekenligin ańlatadı.

Juwmaqlap aytqanda, Yusip hám Zliyxa haqqındaǵı epikalıq syujettiń awızeki hám túrkiy jazba ádebiyattaǵı kórkem talqılawlarında qaharmannıń aǵaları tárepinen háset aqıbetinde qudıqqa taslanıw motivi derlik birdey súwretlengen bolsa da, xalqımız arasında «Yusip-Zliyxa» atı menen keń tarqalǵan dástanda bul syujet elementi áyyemgi mifologiyalıq túsinikler hám folklor dástúrlerin tolıq saqlap kelgenligi menen ayrıqsha ajıralıp turadı. Bul motivtiń tariyxıy-genetikalıq tiykarları áyyemgi mif qaharmanlarınıń úsh bólimli kosmoslıq model, yaǵnıy Kók, joqarı álem, Jer beti hám Jer astı, yaǵnıy tómengi álem boylap saparı bayanlanǵan arxaikalıq syujetke barıp taqaladı.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:


1. Axmetov S., Esenov J., Járimbetov Q. Ádebiyattanıw atamalarınıń orıssha-qaraqalpaqsha túsindirme sózligi. Nókis, «Bilim», 1994. 139-bet.
2. Járimbetov Q. Ádebiyattanıwdan sabaqlar. Nókis, “Qaraqalpaqstan”, 2012. 23-bet.
3. Juraev M. Uzbek xalk samoviy afsonalari. Toshkent: Fan, 1995.- B.93.


[8] Жураев М. Узбек халк самовий афсоналари. Тошкент: Фан, 1995.- Б.93.

4. Mambetov K. Ádebiyat teoriyası. Nókic, «Bilim», 1995. 94-bet.
5. Melitinskiy Ye.M. Poetika mifa. Moskva, 2000 g.
6. Silantyev I.V. Poetika motiva. Moskva, «Yaziki slavyanskoy kulturi», 2004.
7. Turkiy Yusuf-Zulayho (nashrga tayyorlovchi Olim Ravshan) - Toshkent: Abu Ali ibn Sino nashriyoti. 1995.- B.15-22.
8. Eshonqul J. O‘zbek folklorida tush va uning badiiy talqini. – Toshkent, «FAN», 2011. – B. 153, 302..

INNOVATIVE ACADEMY